

GID POU PARAN POU KLAS 9YÈM-12YÈM ANE MATEMATIK

Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrès akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas 9-12yèm ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.


APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas 9-12yèm ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas 9-12yèm ane** yo ap aprann kalite leson sa yo:

- Re-ekri ekspresyon ki gen ladan nonb radikal ak ekspozan rasyonèl avèk pwopriyete ekspozan yo.
- Eksplike pou kisa sòm oswa pwodui de nonb rasyonèl se yon nonb rasyonèl; sòm yon nonb rasyonèl ak yon nonb irasyonèl se yon nonb irasyonèl; epi pwodui yon nonb rasyonèl ki diferan ak zewo ak yon nonb irasyonèl se yon nonb irasyonèl.
- Defini kantite apwopriye yo pou kapab objektif modelizasyon deskriptif.
- Jwenn konjige yon nonb konplèks; epi itilize konjige yo pou jwenn modil ak kosyan nonb konplèks yo.
- Rekonèt dapre resanblans, pwopòsyon kote ki nan triyang rektang yo se pwopriyete ang ki nan triyang lan, sa k ap mennen nan definisyon pwopòsyon trigonometrik pou ang egi yo.

$$x^{\frac{2}{3}} \sqrt{y} y^{\frac{1}{2}}$$

Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.



Telechaje Prensip Florida pou Matematik pou Klas 9yèm-12yèm Ane sou sitwèb www.flstandards.org

#FLStandards
Antre nan konvèsasyon an



PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Lè w ap pale avèk pwofesè pitit ou, pa pè pale sou tout bagay. Olye ou pè pale sou tout bagay, kenbe konvèsasyon an konsantre sou sijè ki pi enpòtan pou pitit ou. Nan klas 9yèm–12yèm ane, ou ka mande poze pwofesè pitit ou kesyon tankou:

- Kijan yo bay nòt pou kou a? Èske gen nenpòt bagay anplis aprantisaj ak metriz prensip ki nan kalkil la?
- Èske ou gen devwa lakay pou fè? Konbyen fwa? Ki objektif jeneral la? Kijan yo itilize rezilta yo? Èske aktivite devwa lakay yo gen enpak sou nòt elèv mwen?
- Kijan pitit ou ap travay pou li satisfè egzijans pou li diplome nan lekòl segondè?

SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Ankouraje pitit ou pou li pwograme yon kou matematik chak ane, menmsi li fini egzijans yo anvan li diplome. Sijere kou difisil ki pa obligatwa yo tankou Trigonometri, Jewometri Analitik ak Kalkil.



Asire pitit ou patisipe nan Fowòm Syans oswa nan lòt okazyon pou li devlope yon ansanm ladrès pou “modelizasyon”.



Asire pitit ou gen tout enstriman matematik ki nesèsè pou li gen siksè tankou kalkilatè grafik, rapòtè ak aksè nan òdinatè.



Fè pitit ou planifye pou li achte yon vwati ki gen asirans ak peman gaz pidevan.



Louvri yon kont labank pou pitit ou.



Kore konesans pa ou nan matematik epi kominike panse pozitif avèk pitit ou. Mande bibliyotèk piblik la pou li rekòmande ou liv, dokimantè ak film long ki eklèsi mistè, bote ak aspè pratik matematik.



Prepare adolesan ou pou li vin gen endepandans finansye. Pou fè sa, aplike ladrès matematik ansanm avèk prensip ekonomik pou jere lajan. Kalkile enterè ki peye sou kont kouran/epay oswa kat kredi. Konpare pri pou pwogram kolèj ki pi rantab.

Pale avèk pwofesè pitit ou avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.

Telechaje Prensip Florida pou Matematik okonplè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb www.flstandards.org

Ou gen kesyon? Kontakte JustforParents@fldoe.org